ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№138 (23.046) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, гъубж • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Школ библиотекэхэм гулъытэ хуащІ

● ЗэІущІэхэр

Егъэджэныгъэм и фІагъыр къыщащыпытэ республикэ центрым иджыблагъэ щекІуэкІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэмкіэ и министерствэм епхауэ лажьэ жылагъуэ советым и зи чэзу зэІуищІэ. Іуэхугъуэ зыбжанэм щытепсэлъыхьа зэхуэсым нэхъыщхьэу къыщаІэтар школ библиотекэхэм я гъэтІылъыгъэхэм хэгъэхъуэным, зэреджэ тхылъхэм я фІагъымрэ аэрэр школакІуэхэм пщІэншэу етынымрэ екъэлІахэрщ.

МИНИСТЕРСТВЭМ и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Ныбжьк Таисэ хъыбар кьиэзырыдигъэщІамкІэ, зэІущІэм и лажьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, а министерствэм и нэІэм щІэту лажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, «Тхылъ» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Шаваевэ Іэминат**, министерствэмрэ палатэмрэ я лІыкІуэхэр.

Егъэджакіуэхэри, еджакіуэ цыкІухэри, адэ-анэхэри зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм - школакІуэхэр зэреджэ тхылъым, библиотекэхэм я гъэтІылъыгъэхэм хэгъэхъуэным - теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Шаваевэ Іэминат.

- Тхылъ еджэным, ди жагъуэ зэрыхъущи, щІэблэр пэІощІэ мэхъу, - жиІащ абы. - Мыбдеж мыхьэнэшхуэ иІэщ егъэджакіуэм езым тхыльым хуищІ гульытэмрэ абы и гъэсэнхэр зэрыдригъэхьыфымрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ емыкІуэкІмэ, школ библиотекэхэр тхылъ хъуманІэ къудейуэ, абы и лэжьакІуэхэр техникэ ІэщІагъэлІ къудейуэ къэнэну аращ.

Шаваевэм къыхигъэщащ, иужьрей илъэс зыбжанэм школ библиотекэхэм я гъэтІылъыгъэм хъарзынэу зэрыхэхъуар. Абы зэрыжиІамкІэ, ар куэдкІэ и фІыгъэщ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэмкіэ и министерствэм и жэрдэмкІэ ди республикэм хабзэ хъуауэ щекІуэкІ «Школым тхылъ тыгъэ хуэщІ» псапащІэ жэрдэмым.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ Емуз Нинэ. Абы къыхигъэщхьэкІащ иужьрей илъэситІрэ ныкъуэм къриубыдэу республикэ бюджетым ныкъэкІыу сом мелуан 212,5-рэ школ библиотекэхэм зэрыратар. А мылъкур трагъэкІуэдащ зэреджэ тхылъхэр къэщхуным. Апхуэдэ гулъытэ ин школ библиотекэхэм ипэкІэ ягъэтакъым.

- Библиотекэхэм я тхылъ гъэтІылъыгъэм хэдгъахъуэми, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым тхылъ «революцэм» дызэрыхуэкІуэр. Зи гугъу щІыр электрон тхылъхэрщ, - жиІащ Емуз Нинэ. - Мы гъэм и фокІадэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэ Іэмалхэр школхэм шэщІауэ къыщыгъэсэбэпын хуейщ.

Зэ1ущ1эм къыщащта унафэхэм япкъ иткІэ, школ библиотекэхэм зегъэужьыным адэкІи пашэнущ. ЩІыналъэм и школ библиотекэхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэпыщІа, абы и Іэщ1агъэлІхэри я Іуэху зехьэкІэхэмкІэ зэдзэгъашэ хъунущ. Апхуэдэу илъэс кьэс ирагъэкІуэкІынущ «Библиотекэхэр тхылъхэмкІэ зэдогъашэ» республикэпсо жармыкІэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Политикэ партхэм

Гъущі гъуэгу транспортым ди республикэми мыхъэнэшхуэ щиІэщ

«Экономикэ, социальнэ зэпІэзэрыныгъэ къыззгъэпэщыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі, «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий иджыблагъэ Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщаІэтащ къалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу транспортым и Іуэхури. Абы иджыри къэралым, хэхауэ къапщтэмэ, ди республикэм, щыпсэуэхэм ящыщу куэд хуэныкъуэщ», - жеІэ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщІ Парафилов Дмитрий.

МЫХЬЭНЭ хэха иІэу къэплъыта хъунущ къалэшхуэхэм кьедза жылагъуэхэм щыпсэу цІыхухэм ящыщ куэдым къагъэсэбэп а транспорт лІэужьыгъуэм и лэжьакІэм парт кІэлъплъыныгъэ зэрригъуэтам. Дызэрыт илъэсым и пэщІэдзэм щІыналъэ куэдым къалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу транспортыр къыщагъэувыІауэ щытащ а щІыналъэхэмрэ гъущІ гъуэгу компаниехэмрэ ахъшэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэгурымыІуэм къыхэкІыу. А Іуэхум УФ-м и Президентыр тКІийуэ тепсэлъыхьа нэужь, «Урысейм и гъущІ гъуэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам щІыналъэу 37-м гъуэгу щытригъэувэжащ электропоезд 312-рэ.

Маршрут пыухыкІахэм тет электропоездхэр дызэрыт илъэсым къэмыувыІэн папщІэ зыхуэфащэ Іуэху псори зэфІагъэкІащ. 2016 гъэм лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІынур яубзыхун хуейщ фокІадэ мазэм нэсыху. Апхуэдэу унафэ тращІыхьынущ къалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу транспортым текІуэдэ ахъшэмкІэ 2016 - 2018 гъэхэм щІыналъэхэм дэІэпыкъуныгъэ зэрыратыну щыкІэм. Абы папщІэ, ди республикэри хэту, къалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу транспортыр щылажьэ щІыналъэ псоми зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІащ «Урысейм и гъущІ гъуэгухэр» зэгухьэныгъэм.

ПЕЧЁНОВ Владилен,
«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пресс-секретарь.

● Нобэ илъэси 186-рэ прокъуэ адыгэлІ Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкІрэ



Гъуэгугъэлъагъуэ

Альпинисту ар щытакъым,
Бгы дэкІыни имыІуэхут.
ХамэщІ цІыхухэр, къыщелъэІум,
Гъуэгугъэлъагъуэ ар яхуохъу.

Іуащхьэмахуэ ныдишыну,
Абы ахэр ирешажьэ.

Ауэ бгыщхьэм нэс дэкІыну,
ЗыгъэкІар езым и закъуэщ.

Пшэ зэпщІахэм къахуеплъыхьу,
Бгым и щыгум зыщиплъыхьт,
АдыгэлІым, игу къэмыкІыу,
Къыхуихьауэ лъэпкъым щІыхь.

БАЛЭ Хьэзрэт-Алий.

● Бахъсэн щІыналъэ

Бадзэуэгъуэ зекІуэ

«Бахъсэн щІыналъэр - хьэрычэтыщІэхэр щыпсэу икІи зызыужь муниципалитетщ» пресс-турыр бадзэуэгъуэм и 23-м екІуэкІынущ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ къапэщылъщ зы махуэм къриубыдэу щІыпІэ властым и лэжьыгъэм зыхагъэгъуэзэну, спорт, егъэджэныгъэ, мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэр зрагъэлъагъуну. Апхуэдэуи абыхэм Іэмал яІэнущ Бахъсэн щІыналъэм щауха ипподромыщІэм щекІуэкІыну шыгъажэм я нэгу зыщагъэужьыну, адыгэ хабзэм щыщ Іуэхугъуэхэм хэплъыну, декоративно-прикладной гъуэзджэмкІэ мастер-классхэм хэтыну.

КъищынэмыщІауэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр хуэзэнущ Зеикъуэ къуажэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэси 125-рэ ирикъуа ЩІауэ Нану.

Іуэхугъуэм хыхьэу, къызэхуэсынухэм я мурадщ 1942 гъэм и шыщхьэІу-фокІадэ мазэхэм лъыгъажэ зауэ щекІуэкІауэ щыта 910-нэ лъаранІэм тет фэеплъым екІуэлІэну.

Зекіуэр къызэрегъэпэщ Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм, КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетыр и дэІэпыкъуэгъуэ.

УпщІэ зиІэзэр псалъэ хъунущ 8 (86634) 4-14-50, 89289150750 телефон номерхэм.

КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Псыр къабзэу хъумэн

Бахъсэн къалэм щыІэ «Галактика» щІалэгъуалэ центрым зыхуеГъэхьэзыр «Мэшыкъуэ-2015» Кавказ Ищхьэрэ форумым зэрыхэтынум.

АР зэрекІуэкІыну щІыкІэмрэ иІэну гъэтІылъэхэмрэ ныбжьыщІэхэр щагъэгъуэзащ. КъищынэмыщІауэ, мы бы щагъэльагъуэ зэхыхьэм здашэну проектхэр. Псалъэм папщІэ, Гъэзгуп Албэч «Бахъсэн хабзэ» зыгрИища и лэжьыгъэр теухуащ мы псыр къабзэу хъума хъунымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Центрым утыку ирихьну игъэхьэзыра проектхэр нэхъыфІхэм хабжэрэ ахъшэ саугъэт къыпэкІуэмэ, ар щІалэгъуалэм я жэрдэмыр Іуэху пыухыкІам хуэкІуэныкІэ сэбэпышхуэт.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Шыгъажэм фрагъэблагъэ

Куба, Псыхъурей къуажэхэм я зэхуакум щыІэ ипподромыщІэм Бахъсэн шы заводжэм я япэ шыгъажэ бадзэуэгъуэм и 23-м щекІуэкІынущ.

АБЫ щыщІэбэнынущ Бахъсэн район администрацэм и саугъэтым. Щыгъажэр яубгъэ сыхьэт 11-м.

Нэгузегъэужь Іуэхугъуэм районым щыпсэуэхэр, шыгъажэм дихьэххэр ирагъэблагъэ.

Щыгъажэм хэтынухэр сыхьэти 10-м тхын щІадзэнущ.

Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дзэлыкъуэ и Хьэмащэ штабым и Іэщ дохутыр нэхъыщхьэ Щомахуэ МуІэед щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, хъупІэм Іэщу итыр, жэщ-махуэ ямыІэу, я нэІэм щІэтщ. Абы папщІэ ветеринар Іуэхущ1апІэ зэпэщхэр яІэщ. Іэщыр хъупІэм ирашэн ипэ дохутырхэм, уеблэмэ, къащытащ хъуныр зытет щІым и щытыкІэр зыхуэдэр. Іэщым уз зэрыщІалэ къахуэзыхьын щІымрэ удзымрэ хэлъу къаГъэтакъым.

КъБР-м ВетеринариемкІэ и управленэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Іэщымрэ щІыпІэмрэ кІэлъплъыну гуп щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщыжащ. Іэщ дохутырхэр зыхуеину псори хьэзыру зэрыт транспорти 2 яІэщ.

Хьэмащэ штабым жэщ-махуэ зэпыткІэ дохутырхэр щыплъыр Іэнатіэ щхьэхуэ щолажьэ. «Къуэштэн» хъупІэми фельдшер Іэнатіэ къыщызэІуахащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Жэщ-махуэ яІэкъым

Украинэм теухуауэ

УФ-мрэ Германиемрэ нэгъэщІ къэрал Іуэхуэмкіэ я министрхэу Лавров Сергей, Штайнмайер Франк-Вальтер, США-м и къэрал секретарь Керри Джон сымэ дыгъуасэ телефонкІэ зэпсэльащ.

Украинэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыІэ щытыкІэрщ зытеухуауэ щытар дипломатхэм я зэпсэльэныгъэр икІи Минск зэрыщызэгурыІуахэр лъэныкъуитІми ягъэзэщІэн зэрыхуейрщ нэхъ зытрагъэщІар.

Псом хуэмыдэу трагъэчыныхьащ Широкинэ щІыпІэм украинэм и дзэхэр икІэщІыпІэкІэ иришьхьэ зэрыхуейм. Донецк, Луганск республикэхэм я гъунапкъэхэм деж пІалъэ-пІалъэкІэрэ щызэзэуэхэри зэлъэмыІэсын хуэдэу зэпыІуэкІуэтыпхэщ, зэпэщІэтыныгъэр къэтІэсхьэн папщІэ.

Лавровым зэрыжиІамкІэ, ДНР-м и унафэщІхэр хьэзырщ техникэмрэ дзэмрэ Донецк, Дебальцевэ щІыналъэхэм ирашыжьыным теухуа зэпсэльэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. ЛНР-ми къыІуищыжьынущ. Счастье жылагъуэм дэж щиІыгъ дзэ гупыр, Украинэм Іэщ1кІэ зэщІуэзэда и къарухэр а щІыпІэм иригъэкІыжмэ.

А Іуэхухэр зэфІэгъэхьэным, щытыкІэр къэгъэтІэсхъэным сэбэп нэхъ хуэхъунухэм я гугъу ящІащ министрхэм.

Правительствэ къызэрагъэпэщыну къыхэлъхьэ

Франджым и президент Олланд Франсуа Европэм хьыхьэ къэралхэр къыхуриджащ еврозонэм и правительствэ къызэрагъэпэщыну.

«Къэрал 19 а зэгухьэныгъэм къызэщІеубыдэ. А къэралхэр абы хьыхьащ, я сэбэп хэлъу къалъытати», - жиІащ Олланд.

Абы къыхигъэщащ а правительствэм къэралхэм я щынагъуэнщагъэр сыт и лъэныкъуэкІи къызэригъэпэщыну, я лъэщагъым хигъэхъуэну къызэрилъытэр. Франджым и президентым шэч къытрихьэркъым Европэм дежкІэ нэхъ щынагъуэр зэгухьэныгъэм хэт къэралхэр нэхъыбэ зэрыхъур зэрырымырам.

«Дэ дызытегузэвыхьын хуейр къытхьхьэ къэралхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэркъым, атІэ зэгухьэныгъэм и зэфІэкІым зэрыкІэрыхурц», - жиІащ Олланд.

Урысыбзэкіэ мыпсэлъэну хуагъэув

Латвием и президент Вейонис Раймонд хуагъэуващ урысыбзэкІэ мыпсэлъэну.

Латвием къэралыбзэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Вейсбергс Андрей къызэрилъытэмкІэ, я президентыр зэрыпсэлъэн хуейр латышыбзэрщ. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэущ Іуэхум зэреплъыр комиссэм къыдыхэт псори.

Унафэ къыхуащІам къиГъэуІэбжьащ Вейсбергс икІи жэуап яритыжащ Пушкин Александр и таурыхъхэм зэрыщІапІыкІар икІи урысыбзэр абы хуей хъухукІэ къызэригъэсэбэпынур.



♦**Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ** - къэралым и махуэ нэхъ лъапІэ дыдэщ, 1831 гъэм екІуэкІа хэхьныгъэхэм щытекІуэри, пащтыкъыгъуэр Іэщ1ыхьащ Леопольд І. А махуэм тохуэ Бельгием и щхьэхуитныныгъэм теухуа декларацэмрэ и конституцэмрэ къыщащтар.

♦1613 гъэм Урысейм и пащтыхь хуащ Романовхэ ящІащ Михаил Фёдор и къуэр.

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ Кючук-Кайнарджий мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэр зэращІыпІащ.

♦1829 гъэм адыгэлІ **Хьэшыр Чылар** япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІащ.

♦1917 гъэм Урысей правительствэм и унафэщІ хуащ **Керенский Александр.**

♦1969 гъэм США-м щыщ астронавт, «Аполлон-11» кхъухьым и командир **Армстронг Нил** Мазэм япэ дыдэу теуващ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.

♦Ди эрэм и пэкІэ 365 гъэм кьалъхуащ дззэешэ щІэрыІуэ **Македонский Александр**.

♦ТхакІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхуэр илъэси 116-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Ди нэхъыжьыфІхэр

ТекІуэныгъэр къэзыхьахэр ягъэлъапІэ

Зауэм хэта, тылым щылэжьа щыхуу 14-м къыщалъхуа я махуэр мы мазэм щагъэлъэпІащ Налшык къалэ.

АБЫХЭМ ящыщт зи ныбжьыр илъэсищэ ирикъуахэу Сыжажэ Быцэрэ Мижуринэ Раисэрэ. Быцэ 1915 гъэм ХьэтІохъущыкъуей къыщалъхуащ. Зауэм щыгъуэ ар щылэжьащ Кировым и цІэр зезыхьэ колхозым. Абы иІэщ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІигъэкІам папщІэ» медалыр. ЦІыхубз гуащІафІэр илъэс 70-м нэс лэжьат зигъэпсэхуну щытІысыжам.

Мижуринэ Раисэ 1915 гъэм Краснодар крайм къыщалъхуащ. Зауэм щыщІидза махуэхэм щегъэжьауэ ар хэтащ Псыжь Іуфэ щекІуэкІа щІытІ лэжьыгъэхэм. Зауэ нэужьым щыщІэдзауэ 2000 гъэм нэсыху ар сабий садым гъэсакІуэу щылэжьащ.

Зи гугъу фхуэтщІа бзылъхугъэхэм ехъэхъауад Налшык къалэ администрацэм, ветеранхэм я Налшык къалэ Советым я лэжьакІуэхэр. Зи цІэр ягъэлъапІа нэхъыжьхэм иратыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкІ хъуэхъу телеграммэхэр.

Илъэс 90 зэрырикъуМкІэ апхуэдэ хъуэхъу тхылъхэр иратыжащ Азизовэ Айшэт, Аппаевэ Жантик, Комаровэ Пелагея, Шэгъыр Хьэгуащэ, Климовэ Раисэ, Унжокъуэ Хьэбас, Тау Хужь, Балун Николай сымэ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Жэрдэм

Дызэрыгушхуэ беягъэ

Грознэ къалэм жэпуэгъуэм щекІуэкІынущ щыІуэпсым теухуа зэІущІэшхуэр. Ар зи жэрдэмыр Шэшэн Республикэм и къэрал университетырщ.

МЫ ЗЭІУЩІЭМ кърагъэблэгъэнущ Кавказым хиубыдэ щІыналъэхэм я щІэныгъэлІхэмрэ экологхэмрэ. Кавказым и республикэ псоми я зэхуэдэ Іуэхум хэтынущ ди республикэм и экологхэри. Абыхэм утыку ирахьэнущ щІыпэпсэр хъумэным теухуауэ ди щІэныгъэлІхэм ягъэбелджыла Іуэхухэр, нэхъ пыухыкІауэ жыпІэмэ, ди псы ежэххэм иужьрей илъэсхэм ягъэуэта зэхъуэкІыныгъэхэмрэ Іуащхьэмахуэ плъапэ нобэкІэ зыхуэдэмрэ.

Жэрдэмщ1акІуэхэм къызэрыхагъэщамкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр Кавказым и щІыналъэ псоми щегъэкІуэкІыпхьэщ икІи абы жыджэру хэтын хуейщ студентхэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ.

КЪУРАШЭ Ланэ.

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

Сабийхэм я хэщІапІэ

Ди республикэм и сабий санаторэхэм мы зэманым тету зыщагъэпсэху, я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ къащтэфыну бжыгъэм и процент 75-м.

САНАТОРЭУ 11 диІэщ. Абыхэм ящыщщ зи лэжьыгъэр лъэныкъуэ псомкІи фІыуэ къызэгъэпэща «Къуэжьей хадэ», «Долинск», «Къурш псынэ», «Маяк», «Кавказ» сабий зыгъэпсэхупІэхэр. Ди щІыналъэм щыпсэу сабийхэм я мызакъуэу, Шэшэным, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэм, Мэзкуу, Орёл, Воронеж областхэм къикІа цІыкІухэри щыщ. Гъэмахуэм къриубыдэу мы щІыпІэхэм иджыри къращэлІэнущ, ныбжьыщІэ мин 14-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ бынунагъэшхуэхэм, хуэмыщІауэ псэуэхэм я сабийхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Лъэпкъ Іущигъэ

Уи адэ-анэ яхуэпщІ нэмысыр уи бынми къыпхуащІыжынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ Іэуэхущ1эхэмрэ 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 19-м Налшык къалэ
№92-ПП

2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, социальнэ Іэнат1эхэм и Іуэхущ1эхэр, ахэр зи мылькуу щ1ытым емылъытауэ, зэблэу къыхэмк1ыу лэжьэныр къызэгъэпэщ1ын мурадк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещ1**:

1. 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зэрылэжьам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмк1э и министрым и къуэдзэ Швачий Т. Ю. къыхилъха информацэр къэлъытэн.

2. Къэщтэм мы унафэм щ1ыгъуэу:

2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ хуэгъэхьэзырынымк1э зэфІэгъэк1ыпхъэхэм я планыр (адэк1э - ЗэфІэгъэк1ыпхъэ лэжьыгъэхэм я план);

2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ хуэгъэхьэзырынымк1э комиссэм хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъэм и гъэзэщ1ак1уэ органхэм я пщ1э илъхьэн, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щ1ыналъэ администрацэхэм, зи мылькуу щ1ытым емылъытауэ, предприятэ, организацэ псоми чэнджэщ етын:

ЗэфІэгъэк1ыпхъэ лэжьыгъэхэм я планым капитальнэу зэрагъэпэщ1ыжын папщІэ хагъэхьа Іуэхущ1эІэхэм трагъэк1уэдэн ахъшэр хухахыну;

котельнэхэм папщІэ гъэсыныпхъэ гъэт1ылъыгъэхэр 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м фІэмык1ыу къызэрагъэпэщ1ыну;

псэуныгъэр зэлъытА Іэнат1эхэм къыщ1ухуэ ныкъуасныгъэхэр зэман к1эщ1ым зэрагъэпэщ1ыжын папщІэ зыхуеину псори къызэрагъэпэщ1ыну;

бюджет Іэнат1эм хиубыдэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ нэхъ хуэмыщ1ауэ псэу унагъуэхэмрэ папщІэ хуабэмрэ псымрэ къызэрапщ Іэмэпсымэхэр гъэувынымк1э лэжьыгъэхэм адэк1и пащэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъэм и гъэзэщ1ак1уэ органхэм я пщ1э илъхьэн, зи мылькуу щ1ытым емылъытауэ, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын 2015 гъэм фокІадэм и 25-м нэсыху езыхэм я балансым щ1ыт унэхэм я инженер коммуникацэхэр зэрылэжьэнум хуагъэхьэзырыну и к1и аэрэлэжьыгъэм зэрыхуэзІам к1э зыхуэфащэ актхэр хуабэк1э къызэзыгъэпэщ компаниемэ иратыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмк1э и министерствэм и пщ1э илъхьэн, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щ1ыналъэ администрацэхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын:

хуабэ-механическэ, электротехникэ оборудованэр, псы зрик1уэ бжьамийуэ къэбГъэсэбэп мыхъуэжьнуэхэр республикэм и куэажэхэм щ1ызэрэгъэпэщ1ыжьынымк1э, щ1ызэхъуэк1ынымк1э зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэк1ыну;

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху ЗэфІагъэк1ыну лэжьыгъэхэм я планыр гъэзэщ1эныр къызэрагъэпэщ1ыну и к1и унэхэр щ1агъэлъныну лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырар къызэралъытэ хабзэу Урысей Федерацэм Энергетикэмк1э и министерствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 12-м къыдигъэк1а приказ №103-мк1э хущ1атам тету псэуныгъэр зэлъытА Іэнат1эхэмрэ псэупІэ фондымрэ зэрыхьэзырымк1э актхэмрэ паспортхэмрэ къатыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмк1э и министерствэм хуэгъэувын 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэк1э лажьэ организацэхэм хуаут1ыпщыну энергоресурсхэм я лимитыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъэм и зыхуэфащэ органхэм ящ1ыгъуу щ1ыІэ хабзэхэм тету зригъэІуІыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмк1э и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмк1э, тарифхэмк1э, псэупІэм и Іэнат1эм к1эльыплъынымк1э и къэралыгъэ комитетым яхуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис унагъуэхэмрэ предприятэхэмрэ бжьамийк1э къэшащІэ газу, газ т1кІуатк1уэу, электрическэ, хуабэ энергиеу 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм яхуэрик1ынум хуэдизк1э къызэгъэпэщ1ын хуэунэтІауэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэк1ыну;

2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зэрылэжьэным зэрыхуагъэхьэзырым теухуа информацэр дэтхэнэ мазэми и етхуанэ махуэм фІэмык1ыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иратыну.

8. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щ1ыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын езыхэм я унафэм щ1эт бюджет организацэхэм къагъэсэбэпа коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэу къатена щ1ыхуэхэр щ1ы1э хабзэхэм тету япшныжьынымрэ къызэрагъэпэщ1ыну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъэм и гъэзэщ1ак1уэ органхэм я пщ1э илъхьэн, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щ1ыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зэрыхуагъэхьэзырым теухуа информацэ мазэ къэс махуэ 25-нэм фІэмык1ыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмк1э и министерствэм, Экологие, технологие, атом к1эльыплъыныгъэмк1э федеральнэ къулык1ущ1ап1эм и Кавказ управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмк1э, тарифхэмк1э, псэупІэм и Іэнат1эм щ1ык1эльыплъынымк1э и къэрал комитетым иратыну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмк1э и министерствэм хуэгъэувын 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ хуэгъэхьэзырым текІуэдэну ахъшэр 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщІэхэр зэрытегуэшам тету «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэ» разделым хиубыдэу «коммунальнэ хозяйствэ» раздел къуэдзэм и мурадым трагъэк1уэдэну къыщ1ельэгъэнуным тету.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ Іэпхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым хуэгъэувын 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щ1ымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зэрыхуагъэхьэзырыр щ1ыхуэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм къыщ1ыгъэльэгъуэныр къызэригъэпэщ1ну.

12. Мы унафэр зэрагъэзащІэм к1эльыплъыну и пщ1э илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Альтуд Ю. Къ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МУСУКОВ Алий

Щ1ы Іыхьэр зы л1эужьыгъуэм къыхэгъэк1ыу адрей л1эужьыгъуэм хэгъэхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ
№133-ПП

Урысей Федерацэм Щ1ымк1э и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхэр е щ1ы Іыхьэхэр зы л1эужьыгъуэм къыхагъэхьэ щ1ык1эм и Іуэхук1э» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 13-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ымк1э и кодексым и 6-нэ статьям ялъ1 ит1ы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещ1**:

1. Унагъуэхэм псэупІэ унэхэр тращ1ыхыну хуэхьун папщІэ мэкъумэщ1апІэу къагъэсэбэп щ1ы л1эужьыгъуэхэм къыхэгъэк1ауэ жылагъуэхэм хиубыдэ щ1ы л1эужьыгъуэм хэгъэхьэн гектар 84,8363-рэ хъу щ1ы Іыхьэр, кадастр номер 07:09:0104032:74-рэ зиІэр, Налшык къалэ округым и гъунапкъэм хиубыдэр.

2. «Мылъкур къэралым егъэтхьынымк1э, кадастрымрэ картографиемк1э федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм и Іэнат1эу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ын щ1эныгъэ Іэнат1эм ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащ1э зэхъуэк1ынымгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхуэхэр лэжьап1эк1э къызэзыгъэпэщ1ын зэщ1эгъэкъуэныжьмк1э зэзыгъэуІу и комитетым хэтхэм я Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м Налшык къалэ
№142-ПП

Социальнэ зэдэлэжьэныгъэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхуэхэр Іэнат1эк1э къущ1ызэгъэпэщ1ыныгъэмк1э политикэр зэхэлъхьэныжьмрэ пхыгъэк1ыжьмрэ яхуэгъэзауэ лъэныкъуэ псори арэзы къызэщІІуэхуэхэр убзыхун мурадк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещ1**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхуэхэр лэжьап1эк1э къызэзыгъэпэщ1ын зэщ1эгъэкъуэныжьмк1э зэзыгъэуІу и комитетым хэтхэр къащ1эн мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къык1эльыплък1уэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхуэхэр лэжьап1эк1э къызэзыгъэпэщ1ын зэщ1эгъэкъуэныжьмк1э зэзыгъэуІу и комитетым хэтхэм я Іуэхук1э» 2013 гъэм мазаем и 26-м №58-ПП-м щ1эту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхуэхэр лэжьап1эк1э къызэзыгъэпэщ1ын зэщ1эгъэкъуэныжьмк1э зэзыгъэуІу и комитетым зэхъуэк1ыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук1э» 2014 гъэм накъыгъэм и 19-м №100-ПП-м щ1эту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къыдигъэк1а Унафэ №142-ПП-мк1э къыщ1ащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ыхуэхэр лэжьап1эк1э къызэзыгъэпэщ1ын зэщ1эгъэкъуэныжьмк1э зэзыгъэуІу и комитетым хэтхэр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымк1э и министрыр *(республикэм зэзыгъэуІу и комитетым и унафэщ1щ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмк1э, щ1ыхуэхэр Іэнат1эк1э къызэзыгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэІэпык1ыныгъэмк1э и министрыр *(республикэм зэзыгъэуІу и комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэщ)*

Акопян Р. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэсэгу хозяйствэмк1э и управленэм и унафэщ1ым и къуэдзэр

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Ащкъан Р. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмк1э, щ1ыхуэхэр Іэнат1эк1э къызэзыгъэпэщ1ынымрэ социальнэ дэІэпык1ыныгъэмк1э и министрым и къуэдзэр *(республикэм и зэзыгъэуІу и комитетым и секретарщ)*

АфІэунэ В. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмк1э и министрым и къуэдзэр

Бгъэжьнокъуэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмк1э, лэжьыгъэмк1э, узынщагъэр хъумэнымк1э и комитетым и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Бижан Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щ1ыхуэб коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэр

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмк1э и министрым и къуэдзэр

Бирюк А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумк1э и министрым и къуэдзэр

Биттиев Хь. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмк1э и министрым и къуэдзэр

Бэрылі В. З. - «Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэр (зэгурыІуауэ)

Гуу С. Л. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхуэбгъэнафэщ1эм я ассоциацэ» щ1ынальнэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Гъукіэлі Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленностымрэ и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Гуппоев Т1. Б. - «Къущ1эрэщ1эжьныгъэ» ныкъуэдыкъуэхэм зэщ1эзыгъак1уэ Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Дыгъужь М. А. - «Щ1ыхуэ В. М. и щ1ыр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щ1ынагъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм административнэ лэжьыгъэмрэ щ1ынагъэмк1э и проректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Караев Т. И. - «Урысейм папщІэ» щ1ыхубэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщ1эхъеныгъэм и щ1ыналъэ къудамэм и «Социальнэ захуагъэ» лэжьак1уэ гупым и экспертыр *(зэгурыІуауэ)*

Къыльшыкъуэ А. И. - «ОПОРА РОССИИ» хьэрычэт Іэнат1э мыиныжрэ курытымрэ я Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Кирин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Іуэхухэмк1э и министрым и къуэдзэ

Къумыкъу А. М. - «Бэрбэч Хь. М. и щ1ыр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щ1ынагъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм гъэсэныгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмк1э и проректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэремкъул А. Н. - Лэжьыгъэмк1э къэрал инспекцэм и унафэщ1ыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмк1э и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мэшыкъуэ Хь. Хь. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Промышленникэмрэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ я союз» лэжьап1э зытхэм я щ1ыналъэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщ1ак1уэ унафэщ1ыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Нэзрэн Б. М. - «Урысей Зэкъуэтым и Щ1эблэщІэ Гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынальнэ къудамэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Унаев Б. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм лэжьыгъэ Іуэхухэмрэ социальнэ политикэмк1э и комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Швачий Т. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмк1э и министрым и къуэдзэр

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Кушмэзокъуэ Залымхъан-абрэджым и уэрэд. *Шэшэн щ1ыналъэ. 1925 гъэ*

Шали къуажэ бэзэрыр. *Шэшэн. 1925 гъэ*
Сурэтхэр **Шлипнёв Василий** *ищ1ащ.*

● Фэеплъ

«Дунейм л1а куэд тетщ, кхъэм псэу куэд щ1элъщ»

Си тхыгъэм фІэщ1гъэ хуэсщІа адыгэ псалъэжьым и купщІэр епхьэлІэ хъунущ хэкупсэ нэс, лъэпкъыл1 Къэжэр Альберт Хьэту и къуэм. Ар нобэ къытхэмытыжми, и щ1эр, и Іэдакъэщ1эк1хэр, и Іуэхущ1афэхэр къытенащ мы дунейм. Адыгэ лъэпкъым и пщ1эр, и хабзэр къэІэтыжыным псэемыблэжу сыт щыгъуи хуэлажьащ ик1и пщэрылъ къыхущ1дэтхэнэ къалэнри ехъулІэныгъэ иІэу игъэзэщ1ащ. Псэужамэ, абы и ныбжьыр мы гъэм илъэс 50 ирикъунут.

ЩІЭНЫГЪЭМ и гур хуэзІухауэ къэхъуащ Къэжэрыр. Анэорей къуажэм дэт курыт школ №1-р 1971 гъэм къыуха нэужь, 1983 - 1985 илъэсхэм дзэм къулыкъу щ1ащ1ащ. Ижьк1э абы и щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щ1ызэрагъэгъуэтащ Москва дэт къэрал университетым и юридическэ факультетым.

ЗэфІэк1 лъагэрэ щ1эныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ адыгэ щ1алэм зэрихьащ къэрал къулыкъу лъагэхэр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыбгъэдэк1ыу УФ-м Федерацэмк1э и Советым и сенатору 2009 гъэм ягъэк1уауэ щытащ. Альберт гурэ псэк1э хуэлэжьащ и адыгэ лъэпкъым.

Нэхъ кууэр сытепсэлъыхьыну сыхуейт адыгэ хэхэсхэм дэІэпык1ыгъэу зэрахуэхъуам, абыхэм я гугъуехьыр, гукъуеэр гулъытэнщэу къызэримыгъэнам. Щ1алъхуа Хэкужьым и ІофІагъэр зыхащІэну Іэмал зимыІэ ди къуэшэр, ди шыпхъуэхэр зэрызэришэлІэжьыным хущ1ехьуащ Къэжэрыр. Абы и фІыгъэ куэд хэлъщ Сирием щ1ы1э адыгэ зыбжанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Шэрджэсым къызэрык1уэжьафам. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущ, иригъэжьа лэжьыгъэхэр и к1эм нигъэсыфакъым хэкупсэ гъуэзэджэм.

Іуэху дахэ куэд лъэпкъым къыхуигъэнащ Къэжэр Альберт. Къапщтэмэ, ди Лэскэн районым сымаджэщ щ1аухэным хэлът абы и жэрдэмышхуэ. Апхуэдэу Альберт и псалъэ хилъхьащ Анзорей дэт курыт школ №1-м и унэщІэр ухуэным.

Щ1алъхуа и къуажэр сыт и лъэныкъуэкІи зэригъэдэхэным хэту, хуищІэр фІэмащІэу псэущ ар. АтІэ хуэфащэкъэ апхуэдэ щ1ыхуфІ зытеса уэрамым абы и фэеплъу и щІэр фІэпщ1ыну, к1ыл1эжьрк1э къыуха шкОлым и щІэ зэрихьэну? Сэ зэригугъэмк1э, абык1э куэд акъылэгъу къыздэхъунущ.

Гуущ апхуэдэ лъэпкъыл1 гъуэзэджэ пфІэкІуэдыжьег, ауэ гуфІэгъуэшхуэщ апхуэдэ щ1ыху тельыджэ уи лъэпкъым къыщ1ыхэкІам деж. Дыхуэарэзыщ, жэнэтыр унаІІэ Аллахым хуищ1, зыщымыокъыжьу зыхуэлэжьа и лъэпкъри хуэфащэн Тхьэм дищ1!

АфІэунэ Миланэ,
КъБКъУ-м Филологиемк1э и институтым и студентк.

● Абы дегъэпІейтей

Нэхъ тк1ийуэ ябгъэдохьэ

УФ-м и Президент Путин Владимир 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Іэ щІидзащ «Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэк1ынымгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук1э» Федеральнэ закон №230-ФЗ-м. Абы ипкъ итк1ыдля пэк1э административнэ жэуапым ирашэлІэнущ наркотик зрахьэлІауэ щэч зыхуащІхэм ящ1ыщу и щ1ыгъ1эр дохутырым къригъэщ1ытэн зымыдэр. Уэрамым, стадионым, зыгъэпсэхупІэ хадэм, жылагъуэ транспортым, адрей щ1ыху зэхуэсыпІэхэм щ1ы1эу наркотик зрихьэлІауэ щэч зыхуащ1ым дохутырым к1уэн имыдэмэ, абы сом 4000-м щегъэжьауэ 5000-м нэсыхуэк1э етхьэкъунущ е сутк1э 15-к1э ягъэтІысынущ.

Абы къыдэк1уэу, лэжьапІэм щ1ыувк1э, гъэ хъэс наркотикэхэр, акъылыр зэІ1ысыгъэхьэ щхьэхьэр зрамыхьэІэрэ къригъэпщытэн хуейщ транспортым и Іэнат1эм щынагъэншагъэ къыщ1ыхэгъэпэщ1ыным, гъущІ гъуэгу транспортым, ведомствэ хъумакІуэ Іуэхущ1ап1эхэм, уней хъумакІуэ Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьак1уэхэм, кхъухэхэм, авиацэм пщ1ах1эм, дзэм хъулыкъу щ1ыщІэхэм. Абы хиубыдэу лэжьапІэ зытхэм хуитныгъэ ираташ наркотикхэр зэрызэрахьэлІэм папщІэ административнэ жэуапым ирашэлІэхэм, апхуэдэу щ1ы1э хабзэхэм тету дохутыр зэзымыгъэпІьахэр лэжьапІэм Іуагъэхі1ыну.

Законыщ1эм щагъэтэмыж Іэщ1 къыщ1ахуну хуит зэращ1ымк1э щ1ыхум лицензэ зэрырат щ1ык1эри. Ар иратынукъым Іэщ1 и ІыгъІыну зэрымышынагъуэм, наркотикхэр зэрызэримыхьэлІэм теухуа дохутыр тхылъ зимы-Іэхэм. Лицензэхэр апхуэдэу иратынукъым щэк1уэнымк1э хабзэхэр е наркотикхэм я пщ1а хабзэхэр зы илъэсым къриубыдэу т1эу къызэрэзэІупадам папщІэ административнэ жэуапым ирашэлІэхэм.

КъБР-м Зэзыгъэк1уэ судыщ1эхэм я лэжьыгъэр къызэрэзэпэщ1ынымк1э къулыкъущ1ап1э.

ЗэхэщІык1ым хохъуэ

КъБР-м и муниципальнэ щ1ыналъэхэм я къабзагъэм к1эльыплъынымк1э ведомствэхэм эдэй комиссэм и зи чэзу зэІуІущ1э республикэм Щ1ыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемк1э и министерствэм иджыблагъэ щек1уэк1ащ. Абы хэтащ муниципальнэ щ1ыналъэхэм, къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, министерствэм и къудамэ зыбжанэм я унафэщ1хэр.

ЩІЫУЭПСЫМ и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемк1э и министр Тазаев Мухэтар а зэІущ1ам къыщ1ащІыпсалъэм къыхигъэщхьэхуак1ащ дызэрыт илъэсым и ящ1э мазихым лэжьыгъэ нэхъыщхьэр хабзэм къемыдзэгъ нэхъыщхьэр зэрыщ1ыгъэнэщ1а куэнщыб идзыпІэхэр зэхэщІыжьынымрэ зэрыщ1ыгъэнэщ1а зэрыщ1ыгъэнэщ1ыжьынымрэ зэрыщ1ыгъэнэщ1а куэнщыб идзыпІэхэр зэхэщІыжьынымрэ, псыхъэхэр зэрэзэхэщІыжьынымрэ, зэрыщ1ыгъэнэщ1а зэхъуэк1ынымгъэхэр зэрызэхъуэжьынымрэ, зэрыщ1ыгъэнэщ1а зэхъуэк1ынымгъэхэр зэрыщ1ыгъэнэщ1ы

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIащIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЭзэдзэкIар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128, 129, 133-хэм итщ).

Тариэл и розэр щтакъым, техэу щытми уэсэпс щIыIэр,
Абы жеIэ: «Сэ си гуапэт къэзбгъэщIатэм щхуу уиIэр:
Ухэт, дэнэ укъыздикIыр е уздэкIуэр, Iуэхуу уиIэр?
Сэ къэплъагъур ажал фIыцIэм сыкъимыдэу сегъэгуIэр».

Автандил абы жреIэ, ищIу псалъэр гурыIуэгъуэ:
«Тариэл, лIыхъужь гъуэзэджэ! Къапльэн ябгэу зи лъэщыгъуэ!
Сыхьэрыпщ сэ, хьэрыпыщIым сэ щызиIэщ куэду фIыгъуэ.
Ауэ си гур лъагъуныгъэм итхьэкъуауэ сегъэщыгъуэ».

Слъэгъуащ фIыуэ насыпыншэм си пащтыхым и пхъур пасэу.
Тесщ ар тахьтэм и тетыгъуэу, дыгъэ нуру бэм къахэпсэу.
Уэ сыкъэплъагъуащ зэгуэрым си пащтыхым сригъусэу.
КъэбукIауэ щытат, пщIэжмэ, ди зауэлIхэр бгъэгузасэу.

Ущытлъагъум уиту губгъуэм, дыноувэ уи ужь кIэщIу.
Дыноджат дэ куэдрэ, ауэ къэбгъэзакъым, пщIэ къытхуэпщIу.
Къэгубжьауэ си пащтыхыр, дыпкIэлъожэ, хуабжь зедгъэщIу,
Уэри уожэ, ди дзэ хъушэм я нэхъ хахуэхэр хэбгъэщIу.

НыплъэщIыхьэм и щхьэр тIуэгъ щIопщ къудейкIэ зэгуогъэху.
ТфIэкIуэдами уи лъэужьыр, и лъэр тепщэм ныпкIэлъеху.
Ди зауэлIхэри уи ужьым итщ захъунщIэу, уащIау Iуэху,
Ауэ я псэр пыт къудейуэ, хъуар уIэгъэ къыпкIэроху.

ЩхьэзыфIэфIынигъэм тепщэр нэщхъеягъуэ куум хидзащ.
ПщылI зыбжанэ лIыхъужь защIэу уи лъыхъуакIуэ иутIыпщащ.
Хъуауэ пщIэншэ я гугъуехьыр, ежьау хъуам нагъэзэжащ.
И кIэм, пщащэ дыгъэ нурым Iуэхур си пщэ хъурилъхьащ.

КъызжиIащ мыпхуэдэу: «Ежьи а флъэгъуам и щэхур къащIэ.
Ар пхуплъэкIрэ къэбгъэзэжмэ, узыхуейуэ хъуар пхузощIэ».
Сыплъыхьуэну илъэсищкIэ къызжиIащи - согъэзащIэ.
Сымылъагъуу псэм и щIасэр зэрысхуэхьыр сэ сымыщIэ.

КъэскIухьащ дунейр хъурейуэ, уилъэгъуау цIыху сыIумыщIэу.
И кIэм курдхэм сарохьалIэ, я щытыкIэр тIэкIу мыхъумыщIэу.
КъысхуащIащ уи гугъу абыхэм, уэ сыплъыхьуэу сыкъымыщIэу,
Ахэм я зыр щIопщ удынкIэ хэбгъэщIащ уэ хьэдэ папщIэу.

Тариэл игу къегъакIыжри Автандил зи гугъу ищIар,
ЖеIэ: «Си гум къымынами, къэсщIэжащ а къэхъуагъар.
Сыгъа пэтми, сигу къихьауэ гуауэр гъусэ схуэзыщIар,
Гу флъыстат фэ тIум са занщIэу, куэд хъу пэтми нэпхъэрар.

Иджы сытыт фэрэ сэрэ дэлъар дякум Iэмалыншэу?
Фэ гуфIагъуэм фыщIиIэтэрт, сэ щIэзгъэжьырт нэпс мардэншэу.
Фынилъат фэ зывгъэлIыхъуу, хэку пащтыхьыр дзэм фи пашэу.
Ауэ си пIэкIэ а махуэм фшэжьын хуей хъуащ хьэдэр хъушэу.

СыкъеплъэкIмэ, уи нэхъыжьыр си ужь иту хъуащIэгъуащ,
Ау пащтыхьым щIэгъури си гур, семыгуауэу къэзгъэнащ.
Iуэхум е къыхэзмыгъэкIыу, нэхъ пэIащIэ зыфхуэсщIащ.
Гъуэбжэгъуэщым хуэдэщ си шыр: зэ илъамэ - пIэщIэкIащ.

Ар мэбзэхыр напIэзыпIэм, иужь итIау къызэрищIэу.
Симыгуапэ гуп саIущIэм, сошэс сэри абы псынщIэу.
Есхагъэнщ лей курд щIалищым, къыщысхуилъым загъэгуащIэу,
Зыкъызапщытын хуеякъым , ялъэкIыну хъуар ямыщIэу.

Иджы, тобэ! Тхьэм фIэмыфIу укъихьакъым мы си абгъуэм!
Тхьэ пхузоIуэ - лIыхъужь хахуэу дыгъэ нурым - ар си жагъуэм.
Пшэчащ уэри гугъуехь Iэджэ, уигъэгуIэу нэщхъеягъуэм.
Гъуэтыгъуей мэхъу цIыху тхьэмыщкIэр,
ар хуэхеймэ дуней фIыгъуэм».

Автандил къопсалъэ: «Куэду ебгъэлейуэ укъысщотхъу.
Сыт злэжьар сэ апхуэдизу? Зыхуэфащэр уэращ щытхъу!
Дунеишхуэр зыгъэнэхум нэхуу идэым уэ упохьу.
Телъми си гум хьэзабищэр, нэпсыр псынэ уэ къыпщохьу.

Ихуащ си гум, уэ услъагъури, тезыгъэлъыр си гум пшагъуэр.
ЗыхэгъэкI уэ ери фIыри, - сэ соухыр си пщылIыгъуэр.
АбджыфI нэхърэ нэхъ лъапIэщ мывэ къащхъуэр. Дуней фIыгъуэр
Ейу елъытэ, пхуэхъум гъусэ, щхьэщоужри нэщхъеягъуэр».

Жэуап къет адрейм: «Солъагъур гуапэу уи гум сэ къысхуилъыр.
Си фIэщ хъуркъым абы пакIуэ хуэхъуфыну гъащIэу схэлъыр.
Хьэщыкъ хъуам нэхъ къыгуроIуэ хьэщыкъ хъуам хьэзабу телъыр.
Мэхъу си жагъуэ си зэранкIэ, ппэIэщIащи уи гурылъыр.

И унафэр пщым бгъэзащIэу, си лъэужь куэд щIауэ зохуэ,
СыкъоГуэт Тхьэм ихати, утехьати уэ гъуэгу махуэ.
Ауэ гъащIэр хьэкIэкхъуэкIэу щIэсхьыр хэт пхуищIын уэ нахуэ?
Ар къезгъажьэм уэ бжесIэну, мафIэ лыгъэм сищIынщ сахуэ».

Асмат жеIэ: «Лъагъуныгъэм нэпсыр сэбэн хуэхъуфынкъым.
Ар къэгъани, си зы псалъэ зэ къедаIуэ - ягъэ кIынкъым.
Мы лIыхъужьым, си псэм ещIэ, пщIитынщ и псэр - къикIуэтынкъым.
Уи гукъеуэри хуэIуатэ, езым ейри къащIэм лейкъым!

Сурэтхэр **Къып Мухьэмэд** *ищIащ.*

Си яужь итащ ар куэдрэ, уи хъыбар жызигъэIэну.
ЖесIэн здакъым. ПхуплъэкIынум, ухуитщ иджы уэ жепIэну.
КъыщIэм псори, си фIэщ хъуркъымефэ-ешхэу ар щысыну.
ИщIэ псори фIыщ Алыхьым, хэтхъым зы сэбэп мыхъужу».

ХуэмыIэту и щхьэр хуиту, Тариэл Асмат жреIэ:
«Стелъ хьэзабар здэзыгуэшу гъусэ пяжу уэ зырщ сиIэр.
Ауэ гъащIэм и удыныр бгъэхъужыну сыт ущIеIэр?
СфIэпсэкIуэдщ сэ мы лIыхъужьыр, мафIэ лыгъэм игъэгуIэр.

Насып дэнэ къыздикIынур, ар зылъэкIым къыдимытмэ?
КъызэщIоплъэ мафIэу си гур, нэгу щIэкIахэр сигу къэкIыжмэ.
Сэ си натIэт гуауэу щыIэр, - аращ слъагъур, нэр зэтесхмэ.
НасыпыфIкъым дуней гъащIэр, - пэжкъым зыри,
къытфIэщI мыхъумэ.

Тхьэр гумащIэщ: дыгъэу къепсу къыслъитэнщ гу IуэхугъуитIкIэ:
Япэрауэ, мы лIыхъужьым хуэсщIэнщ жиIэр, щыхущIэкъукIэ.
И нэху закъуэм IущIэжьыну нэхъапэIуэу кIуэжьын щхьэкIэ.
ЕтIуанэу - сэри мафIэм сисынщ, ар жысIэн сухыкухIэ».

Пещэр адкIэ: «Езым хуэдэ цIыхум IущIэр и къуэш пэжу
Хьэзырын хуейщ псэр щIитыну, и щхьэр Iуихрэ щIэмыпхъуэжу.
Игъэпсэумэ Тхьэм зыр гуфIэу, егъэпсэу адрейр гуIэжу.
БжесIэнщ псори. ЩIэдэIу уэри. Срес мафIэм гукъинэжу.

Асмат, уэри, псынэпс пIыгъыу, къызбгъэдэт нэхъ гъунэгъуIуэу.
Къыстеутхэ плъырхьар сыхъуэмэ, къэплъа си гур схуэбгъэщIыIэу.
КъысхуэIэт хьэдагъэ, сыIэм, уи гукъеуэр хъэбгъэнаIуэу.
СхуэсщI си мащэр гущэ щабэ, - хурехъу мыр тыншыпIэ жыпIэу».

КъитIэтауэ и бгъэр хуиту, зыхуегъэхьэзыр псэлъэну,
Нэщхъей дыдэу щысщ, гупсысэу, пшэм хэт дыгъэу къыпфIэщIыну.
ФIызэбложьр и акъылыр, хулъэмыкI псалъитI жиIэну.
КъелъэлъэхьыУ и нэпситIыр ар мэщатэ и кIэм ину.

Гъыбзэу жиIэу: «МафIэ лыгъэм уесри, сигу уэ, къыпщIэнауэ!
О, нэхуну! Дэнэ мыгъуэм уэ ущыIэ сыббгынауэ?
Уэ зырати сиIар фIыгъуэу, уилъи си гум укъинауэ.
Жэнэт нэхум и жыг къуэпсыр пызыупщIыр хэт хуежьауэ!»

IX
Тариэл езым и гъащIэм теухуауэ Автандил жриIа хъыбар

«КъыщIэдэIу-тIэ си хъыбарым уемызэщу, кIыхь къыпщыхъуу,
ХуэIуэтэну сщIэркъым си бзэм псори екIуу зэхуигъэхъуу.
Схуэзыщам кIыфI дуней нэхур ифI слъагъунукъым, IэфI сщыхъуу,
Къысхуэнар зыщ: гъащIэ тIэкIур сыгуIэжу схьынщ схуэмыхъуу».

Хэти ещIэ: Инд хэкушхуэм пащтыхьибл исщ я тетыгъуэу.
Парсадан ейр нэхъыжьыгъуэр - ещI унафэ захуэу, дзгъуэу.
Пщым я пщыжу, къулейщ, хахуэщ, мэпсэу гъащIэр и щIэщыгъуэу.
Аслъэнщ - пкъыкIэ, дзгъуэщ - нэкIукIэ, еIэт и дзэр
щыхуейм игъуэу.

Іыхьэ бланэр а хэкушхуэм сядэм ейуэ щытыгъащ.
Саридантт абы зэреджэр, - лъэщу пщыгъуэр иIыгъащ.
КъищIыфакъым зым и жагъуэ, нэжэгужэуи псэуащ.
Зэштегъэуэ щакIэрэт - зекIуэрт, мынэщхъейу дунейм тетащ.

И щхьэзакъуэу къыгъэщI гъащIэр еужэгъури, мыхэр жеIэ:
«Сохь си гъащIэр нэжэгужэу, къызолыжьр фIыгъуэу сиIэр,
Бийр къысхуилъмэ пуд сищIыну, ар си джатэм егъэгуIэ,
Ауэ тепщэу Парсаданыр сэ сиIатэм, хъунт жызоIэ».

Арти хуещIыр лIыкIуэ пщышхуэм, и гум хуилъ иригъэщIэну:
«Инду щыIэу хъуам я дежкIэ набдзэт тепщэу удиIэну.
Си гур къабзэу, зэIухуаэ, сыхьэзырщ къулыкъу пхуэсщIэну.
Дяку дэлъа зэныбжьыгъугъар сфIэфIт сэ щIэблэм ягу къинэну».

Парсадан ар щызэхихым, ешхэ-ефэр ещI гупыж.
«Хузощ фIыщIэ уафэ къащхъуэм, - жиIэу? жэуап иретыж,-
Уэ, сэ схуэдэу, индус пщышхуэм ар щыпщIакIэ гукъыдэж,
КъакIуэ, адэу, ухуейм, къуэшу сэ сыпхущытынщ, - си дежь».

Къыхуегъанэ пщыгъуэр сядэм, амирбари ящI ар занщIэу,-
Индым иIэщ Амирбарыр лIыщхьэу, дзэпщу, пщIэ зыхуащIу,
Зыхэмылъ и Iуэху щымыIэу, фIыгъуэу иIэри мымащIэу,
Мы пащтыхьми ещI унафэ, пщы унафэм нэхъ нэхъ гуащIэу.

Хуигъэдэжу езым и щхьэм, иIыгъащ пащтыхьым ар.
Зы пащтыхьи иIагъэнкъым абы хуэдэу Амирбар.
ИщIащ щабэ бийуэ яIэр, щакIуи кIуэрт зауэлIу ар.
МащIэщ сядэм сызэрещхыр. Сэри сэщхьу хэт къалъхуар?

КъыщIэхъуау бын зэримыIэр тепщэм и гум къеуэрт икъукIэ,
Зы гъэр блэкIмэ, къыкIэлъыкIуэм зэлIэфызыр гугъэрт бынкIэ.
А зэманым сыкъалъху сэри, - махуэ мыгъуэт ар си дежкIэ.
ЖеIэр тепщэм: «Згъэсэнщ ар сэ! Хамэ бынкъым щIалэр сэркIэ».

Къысхущыту адэ-анэу пщыми гуащэми сапIащ.
Къэрал Iуэхухэм я зехьэкIэм насеIуаэ сыхуащIащ.
ЦIыху Iущ куэд си егъэджакIуэу хабзэу щыIэр сагъэщIащ.
«Дыгъэ нуру къохъур!» - жаIэу, ауэ лIыпIэ сиуващ.

ПцIы пхуэзэуспу шэч къытепхьэм, къыбжиIэнщ Асмат си Іуэху.
Сыгъэгъащ сэ хуэдэу розэм, сыщрикъум илъэситху.
Сабий джэгухэм хьэрхуэрагькIэ къысспэльэщ хэтакъым цIыху.
Парсадан бынынщэм и гур хэхъуэрт сэ сыкъилъагъуху.

Дыгъэр фагъуэ хъурт къыстепсэм, пшэ гуэрэн техьа пэлъытэу.
«Къыщхьэщехыр нурыр!» жаIэрт, си бжьыфIагъыр зэхуаIуатэу.
КъызокIухь сэ иджы ныбжьу, цIыху къыстеплъэм сыкъыIытэу,
ЩIэкIащ и нэгу Асмат псори, къуэрывыщ ар си щыхьэту.

Илъэситхум ситу, гуащэм пхъу къилъхуауэ къызагъащIэ -
ЖеIэ ари, гъыуэ щIедзэ, къытегуплIэу плъыржьэр гуащIэр.
Асмат псы аби трикIэ пэтми, гуауэм и Іуэху ещIэ.
И кIэм жеIэ: «Дыгъэ нуру къэхъуащ кIыфI зыщIар си гъащIэр».

Носыр дэни хъыбар гуапэр: «Къытхуалъхуащ пхъу тхьэIухуд!»
ЛIыкIуэр лIыкIуэм кIэлъыпIащIэу, зэлъащIысыр щIыпIэ куэд.
Доджэгу дыгъэр мазэ нурым, уафэгу бзыгъэри мэлыд.
И гуфIэгъэщ псэ зыпытым, дэнкIи щоIур хъуэхъу, уэрэд.

А бзылъхугъэм и дахагъэр бжесIэфынкъым псалъэ згъуэту!
Парсадани йофэ-йошхэ, мэIу уэрэдхэр макъ зэгуэту.
Къос пащтыхьхэр къехъуэхъуну, фIыгъуэу къахьым щIэ щIэмыту.
Дзэм хуагуэшыр зыкъгъуэфIыгъуэр, хэкум хабзэ хуэхъуам тету.

Зиусхьэнхэм дапI, дагъаэсэ, я пхъум сэрэ дызэгъусэу,
Сыхуагъадэу я бын закъуэм, сыкъалъагъур я нэу, я псэу.
Сабий дыдэу пащтыхьыпхъум щIедзэ нэкIум дыгъэу къипсэу.
Иджыпсту бжесIэнщ сэ и цIэр зыщIам дзыхэ си гур пасэу.

ФIыу илъагъум и цIэр и гум къыщыкIыжым зефыщIыжыр,
Автандил абы щыIуплъэм и губамПэр къохъеижыр.
Асмат, псынэпс триутхэу, лIыхъум зыкърегъащIэжьыр.
«ЩIэдэIу адкIэ, - жеIэ, - мащIэу щытми гъащIэу къыслухуэнэжьыр.

Нестан-Дареджанщ, зэгъащIэ, абы цIэуэ фIащагъар,
Илъэсибл и ныбжь щынэсым дахэкIейу къогъагъэ ар.
И Іущагъым, и бжьыфIагъым хьэщыкъ ищIырт къытеплъар.
Иджы хъуащи ар спэIэщIэ, бампIэрщ фIыгъуэу къыслухуэнар.

Пщащэр икIри сабиигъуэм, балигъ хъури - зиужьащ.
Адэ Іущым ар щильагъум, пщыгъуэр пхъум хуигъэфэщащ.
Утыку сихьэм лIыгъэ зесхьэу, сэри лIыпIэ сиуващ,
Абы тепщэм гу щылъитэм, сядэм хуит сыхуищIыжащ.

ХуещIыр и пхъум сэрей дэгъуэ унафэщIу езы дыдэр,-
Мрамор хужьыкIэ дэщIеярэ рубин защIэу зэщIэлыдэу
Йосыр къыухэр псы гуэл щхъуантIэм, жэнэтыпIэщ и жыг хадэр.
Щопсэу абы си гур зысу гуIэ нэпсыр сэзыгъадэр.

И псэупIэм жэщи махуи щызэблех дыхумэр IэфIу.
Зэм чэщанэм ар къоувэ, зэми хадэм итщ нэщхъыфIэу.
Адэшыпхъу Давор и нэIэ тету къэхъурт насыпыфIэу.
Иритат пщым ипхъу гъэфIэныр, и шыпхъу ткIийм игъасэм фIэфIу.

ЦIыху нэ бзаджэхэм щагъэпщкIуу, сэрей нэщIым ар щаIыгъщ,
ХъугъуфIыгъуэу щыIэм хэсу жэнэт бзухэр и псальэгъущ.
ТIу и гъусэщ унэIуту, ныбжьэгъу пэжуи Асмат щIыгъущ,
Габаону[1] жэнэтыпIэм щотIэпI - фIыгъуэр и Іэпэгъущ.

Сэ, илъэс пщыкIутху зи ныбжьым, къысщхьэщытт пщыр
схуэгумащIэу.
Къызбгъэдэст ар жэщыбг хъухукIэ, ери фIыри къызигъащIэу.
Зэхьэзэхуэ хъуамэ, сэри япэ сищт, къикIуэт сымыщIэу.
Аслъэн ябгэм схэлът и лIыгъэр, дыгъэ нур фIэкI сыкъамыщIэу.

Дияу гъуэлъырт аслъэныжьхэр, сагъындакъхэр зэрысIэту,
Зэхьэзэхуэ, щакIуэ-зекIуэ зэхьыбакъым сахэмыту.
Сахэтыфырт ешхэ-ефэм махуэ кIыхьым лъэрытету.
Иджы пщащэр хъуащ спэIэщIи, сщIэркъым гъащIэ си псэм хэту.

МалIэ сядэр и мылIэгъуэу, Саридан дунейм йохьж.
Парсадан и щыхьэр унэм нэжэгужэ щIэмысыж.
НыбжьэгъуфIхэм я хьэдагъэу нэпсыр псыдзэуэрэ щIагъэж.
Ар щыпсэум псэуам кIэзызу я фэм лъы къыщIолъэдэж.

Илъэс псокIэ сыхуощыгъуэ сядэм, гуауэм сыхигъащIэу,
Жэщи махуи согъ, сопыхьэ, дуней щыIэуэ сымыщIэу.
Парсадан къегъакIуэ лIыкIуэ, узыншагъэм къыщIэупщIэу:
«Тариэл, куэдщ къэбгъар зэкIэ, уи адэжь ухуэягумащIэу».

ИкъукIэ къоуэ дэри ди гум апхуэдэлI зэрытхэкIар,
Къысхуахь лIыкIуэхэм пащтыхьым тIыгъуэ сэркIэ игу пыкIар.
КъызагъащIэр хэку пащтыхьым си унафэ зэрищIар:
«ЩреIу уи цIэр ди Хэкушхуэм - узощI нобэ Амирбар[2] !»

Гуауэр нэгум схущIэмыкIыу, си гур мафIэм къресыкI,
Ауэ лIыкIуэхэм фIыцIагъэр црызагъэхри садыщIокI.
Сашэ тепщэм деж, гуфIэжу абы IэплIэ къызешэкI.
ХьэщIэ лъапIэу сахэсщ гупым. - ЯмыIэж зы Іуэху сэ фIэкI.

Си гум къокIыр: пащтыхь тахьтэм гъунэгъу пщIэншэу
сыхуащIакъым,
Пщыми, гуащэми хъуэхъуфIу къысхужамыIа къэнакъым.
А щIыхь лъапIэр схуэмыфащэу сэ яжесIэрт. - Зы къикIакъым.
Инд хэкушхуэм и дзэпщ пашэу сымыувыи къысхуадакъым.

ДэкIащ Іэджэ абы лъандэм, куэди сщIэжьыркъым сэ ІупщIу.
ИкIи тыншкъым ар си дежкIэ сІуэтэжьну зэІубз схуэщIу.
ГущIэгъунщэщ гъащIэр. Махуэ кIуэркъым гур химыгъэщIу,
Абы хъуаскIэу къыпыщэщым дыхэтщ и кум дыкъилыпщIу.

X
Тариэл и лъагъуныгъэ

Къыпещэж хъыбарым адкIэ, и гур нэпскIэ игъэнщIауэ:
ДыкъэкIуэжьрт тепщэм дэрэ зэгуэр, щакIуэ дыщIауэ.
«Тлъагъунщ Нестан!» - жеIэр щабэу, си Іэр ІэкIэ икъузауэ.
МыпIейтейуэ къэнэнт уи гур, абы и цIэр зэхэпхауэ.

Жыг хадэщхуэ гуэр дыIуощIэ, и дахагъым гур пIэпихыу,
Псы гуэл щхъуантIэхэр итщ хадэм, мэ дахащэхэр къапихыу.
Щобзэрабзэ жэнэт бзухэр, макъ жьгъырухэм удахьэхыу.
ФIэлъщ чэщанэм и щIыхьэпIэм алэрыбгъухэр бжэ къепхъухыу.

«Ет мэздждэдыр пащтыхьыпхъум!» - жиIэу тепщэм зэхызох.
Сэреишхуэм хуэдунэтIу дыщыIухьэм сохъу Іэпхлъэпх.
Абы щыгъуэ схуэхъуа щIыхуэр нобэм къэс сэ схуэмыух
ЦIыхум и гур жами мывэу, налмэс мастэм кIуэцIрех.

Абы щапI, щагъасэ и пхъур, зы нэ лей трамыгъаплъэу.
Къепхъух кIапэр пщым къеIэтри щIохьэ. Нэхум сыІумыплъэу
ХуещIыж Іупхьуэр. Зэхызохыр, тепщэр пIащIэу ину псалъэу.
Асмат джэдыр сІихьн хуейуэ ещI унафэ, хъэщIэпIэлъэу.

КъызэІуихмэ Асмат Іупхъуэр, дыгъэ бзийр си нэкIум къопсэр.
Зэ Іупльэгъуэм малъхъэдису си Іэпкъльэпкъым зыкъыхсеэ.
Асмат жеIэ: «Къащтэ джэдыр!» - сэ техьэгъуэм сегъэсысыр.
Абы щыгъуэ мафIэ лыгъэу къызидзам иджыри сесыр.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Табаон[1] - Палестинэм и щIыпIэ гуэрщ. Библием итщ абы и хъыбар.
Амирбар[2] - къэралым и унафэщI, дзэпщ, министр.

● Гъуазджэ

Гур хэзыгъахъуэ дахагъэ

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуазджэхэмкІэ музейм щагъэлъагъуэ художник Яснов Владимир и лэжьыгъэ купщІафІэхэр.

ЯСНОВ Владимир и сурэтхэр музейхэм я фондхэм щахъуэмэ, республикэм къыщыхэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм хагъэхьэ, Урысейм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэуэхэм ящыщу абы и лэжьыгъэхэм дихьэххэм ахэр зэхуэхьэсауэ яхъумэ. КъищынэмыщІауэ, а сурэтхэмкІэ уней Іуэхущіапіэхэмрэ ягъэдахэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мы выставкэм Ясновым и лэжьыгъэ 80-м нэс щагъэлъагъуэ. Ахэр республикэм и щэнхабзэ хъугъэфІыгъуэ, гъуазджэ щІэин хъуауэ кьалытэ.

Сурэтыщым Хэку зауэшхэм триуэха и лэжьыгъэхэм тхыдэм и напэкІуэцІхэр къыщыгъэлъэгъуащ. ЩІыуэпсым, гъэм и зэманхэм я дахагъэмрэ я кІуелаягъэмрэ къыздрыщхэри и мащІэкъым. Гур хэзыгъахъуэщ, нэр зыгъэгъэІущ плъыфэхэр щызэгъэкІуа сэхуран губгъуэхэм, удз гъэгъахэм, бзыльхугъэхэм я теплъэхэм. Илъэс 50 и пэкІэ мы лэжьыгъэхэр художникым и Іэдакъэ къыщІэкІами иджыри щІэщыгъуэщ, я мыхьэнэри нэхъ лъэхъшэ хъуакъым.

Музейм и лэжьакІуэ **Леонтьевэ Валентинэ** Яснов Владимир и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ.

- Дон Іус Ростов 1937 гъэм къыщалъхуащ Владимир. Грековым и цІэр зезыхьэу а къалэм дэт художественнэ училищэр 1959 гъэм кІуихащ. Герценым и цІэр зезыхьэ Ленинград щыІэ пединститутым графикэмкІэ иІэ факультетым и щІэныгъэм щыпщащ. 1985 гъэм щыщІэдзауэ Урысейм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. И лэжьыгъэхэр республикэм, Урысейм и кьалэхэм, хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэм мызэ-мытІэу утыку къыщрахьащ. 60 гъэхэм щыщІэдзауэ Ясновым и лэжьыгъэхэм щІэупщІэ яІэу къокІуэкІ, сурэтыщым и зэфІэкІыр, и пщІэр къалъытащ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыхигъэщащ Ясновыр сурэтыщІ гъуэзджэу икІи егъуджакІуэ Іэзэу зэрыщытар, и гъэсэн куэд сурэт щыным и щэхухэм зэрыхигъэгъуэзар, абыхэми республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІыр. Къумахуэм жиІащ ар зыцІыхуу щытахэмрэ и гъэсэнхэмрэ абы и цІэ къРаІуэху, къыщІэна лэжьыгъэхэм щІэупщІэ яІэху цІыхухэм зэращымыгъупщэнур.

- Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ нэхъри бей зыщІахэм ящыщщ Яснов Владимир. Графикэри живописри зэхуэдэу фІыуэ къехъулІэрт. Лэжьыгъэ ІуэхукІэ абырэ сэрэ куэдрэ дызэчэнджэщырт. ЩІэныгъэ бгъэдэлъ щхьэкІэ, къызыфІэмыщІыж цІыху щэнхфІэу щытащ. И лэжьыгъэхэр зыхъума и щхьэгъусэ Наталье фІыщІэ хуэфащэщ. Владимир си гъунэгъуу икІи си ныбжьэгъу пэжу зэрыщытам срогушхуэ, - жиІащ скульптор цІэрыІуэ **ТхьэкІумашэ Михаил**.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** пищащ си цІэр гъуазджэм къыхэна, зи сурэтхэм я фІагъыр кьалъытэ Ясновым и дуней, и Іуэху еплъыкІэхэр и лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Къэпсалъэм къыхигъэщащ, мыпхуэдэ фэеплъ выставкэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, сурэтыщым и лэжьэгъуу, ар зыцІыхуу, фІыуэ зыльагъуу щытахэр зэхуэсу ягу кьагъэкІыжьын и лъэныкъуэкІэ зэрыІэмалыфІыр.

- Владимир си ялэ егъуджакІуэу щытащ. Абы щыгъуэм зэманыр, цІыхухэр нэгъуэщІт. И гъэсэнхэм гулъытэ ин кьытхуищІырт. Школ зыгъэпсэхугъуэри кьигъэсэбэпурэ щхьэхуэу кьыддэлажьэрт. Ешэш имыІэу зэман куэд кьытригъэкІуадэрт. ЩІэныгъэ куу зиІэ егъуджакІуэт, сурэтыщІт, - жиІащ сурэтыщІ, усакІуэ **Горлов Михаил**.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** и псалъэм нэхъыщхьэу а къалэм дэт художественнэ училищэр 1959 гъэм кІуихащ. Герценым и цІэр зезыхьэ Ленинград щыІэ пединститутым графикэмкІэ иІэ факультетым и щІэныгъэм щыпщащ. 1985 гъэм щыщІэдзауэ Урысейм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. И лэжьыгъэхэр республикэм, Урысейм и кьалэхэм, хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэм мызэ-мытІэу утыку къыщрахьащ. 60 гъэхэм щыщІэдзауэ Ясновым и лэжьыгъэхэм щІэупщІэ яІэу къокІуэкІ, сурэтыщым и зэфІэкІыр, и пщІэр къалъытащ.

- Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ нэхъри бей зыщІахэм ящыщщ Яснов Владимир. Графикэри живописри зэхуэдэу фІыуэ къехъулІэрт. Лэжьыгъэ ІуэхукІэ абырэ сэрэ куэдрэ дызэчэнджэщырт. ЩІэныгъэ бгъэдэлъ щхьэкІэ, къызыфІэмыщІыж цІыху щэнхфІэу щытащ. И лэжьыгъэхэр зыхъума и щхьэгъусэ Наталье фІыщІэ хуэфащэщ. Владимир си гъунэгъуу икІи си ныбжьэгъу пэжу зэрыщытам срогушхуэ, - жиІащ скульптор цІэрыІуэ **ТхьэкІумашэ Михаил**.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** пищащ си цІэр гъуазджэм къыхэна, зи сурэтхэм я фІагъыр кьалъытэ Ясновым и дуней, и Іуэху еплъыкІэхэр и лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Къэпсалъэм къыхигъэщащ, мыпхуэдэ фэеплъ выставкэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, сурэтыщым и лэжьэгъуу, ар зыцІыхуу, фІыуэ зыльагъуу щытахэр зэхуэдэу ягу кьагъэкІыжьын и лъэныкъуэкІэ зэрыІэмалыфІыр.

- Владимир си ялэ егъуджакІуэу щытащ. Абы щыгъуэм зэманыр, цІыхухэр нэгъуэщІт. И гъэсэнхэм гулъытэ ин кьытхуищІырт. Школ зыгъэпсэхугъуэри кьигъэсэбэпурэ щхьэхуэу кьыддэлажьэрт. Ешэш имыІэу зэман куэд кьытригъэкІуадэрт. ЩІэныгъэ куу зиІэ егъуджакІуэт, сурэтыщІт, - жиІащ сурэтыщІ, усакІуэ **Горлов Михаил**.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** и псалъэм нэхъыщхьэу кьыхигъэщащ зи сурэтхэм хуабагъэ кьапкъыкІ Яснов Владимир и лэжьыгъэхэм цІыхухэм я псэм дахагъэр, фІыр, гуапагъэр кьыздрыщагъэушыр.

- Хэкум, абы и щІыупсым хуиІэ лъагъуныгъэ иныр хьыбольагъуэ Владимир и сурэтхэм. ЩІыуэпсым и щытыкІэ, гъэм и зэман зэхуэмыдэхэр - бжьыхьэ дыщафэр, щІымахуэ хужьыр, гъатхэ дыгъэпсыр, гъэмахуэ щхъэнтІэр, дыгъэр кьыздрыкуэкІымрэ пщыхьэщхьэ пшэпІымрэ удахьэхыу кьигъэлъэгъуащ. Сурэтхэм еплъ дэтхэнэми гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым абыхэм кьарыщ щыпІэхэм кІуэурэ кьаззэрытрищыкІам, ахэр зэрыплъыфэбэм. Ясновым и сурэтхэм еплъ дэтхэнэми дэрэжьгъуэ зэраритырщ гъуазджэ нэсым и кьалэн нэхъыщхьэр, - жиІащ Темыркъаным.

Сурэтыщі **Пак Галини** и егъэджакІуэу щыта Яснов Владимир хужаІа псалъэ гуапэхэм пищащ. Абы игу кьигъэкІыжащ илъэс 50 и пэкІэ республикэм кьыщызэІуахауэ щыта Художественнэ школым Ясновым зэрыщигъэзджар, гъуазджэм зэрыхишам и мызакъуэу, гъащІэми чэнджэщгъэфІрэ ныбжьэгъуфІрэ кьызэрыщыхуэхьуар, и гъэсэнхэм ар зэи зэращымыгъупщэнур.

- Владимир кьыщІэна лэжьыгъэхэм сытепсэлъыхьыну сэркІэ тынш кьым. Абы и щхьэусыгъуэр мыр фэеплъ выставкэ зэрыхъуарщ. Мы гъэльэгъуэныгъэм хэмыхьа сурэт купщІафІэ куэд си нэгу кьыщІохьэ. Абыхэм щІэупщІэ зэраІаращ утыку кьитхьэну Іэмал щыдимыІэр. Выставкэр кьызэзыгъэпэщахэмрэ абы кьрихьэлІахэмрэ фІыщІэ фхузощІ. - жиІащ Яснов Владимир и щхьэгъусэ **Наталье**.

Гъуазджэ, щэнхабзэ зэхьхьэ гуапэкэм зэрыщыхабзэу, мы гъэльэгъуэныгъэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм кьадэкІуэу, зи Іэщіагъэкіэ гъуазджэм пэжьжьэ щІыхуэр зэришэлІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Сабий журналым и иужьрей къыдэкІыгъуэхэр

● Гу зылъытапхъэ

Текіуэныгъэм и махуэм теухуа тхыгъэхэмкІэ къыззІуех 5-нэ номерыр. Абы итщ Тухманов Д., Харитонов В. сымэ ятха «Текіуэныгъэм и махуэ» уэрэд цІэрыІуэр Джэдгъэф Борис адыгэбзэм къыригъэтІэсауэ. Къуэдзокъуэ ФатІимэ и Іэдакъэщіэкі «Мафіэ мыужьыр» тхыгъэри а махуэшхуэрщ зытеухуар.

АДЭКІЭ фыкъыщеджэнщ «Шы къарэ лъакъуищ» адыгэ таурыхъым пызыщэм, пэщІэдзэр еплІанэ къыдэкІыгъуэм традзащ.

«ЩІэблэ» Іыхьэм журналым щыдегъэщІыху фІыуэ еджэ, адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ, Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэх ныбжьыщІэхэр.

«Инэмыкъуэм» итщ Мафіэдз Сэрэбий итхьжауэ щыта адыгэ сабий джэгукІэхэм ящыщ зы.

Хьэту Петр «Зоопаркым» зыфИщта усэхэмкІэ къыдегъэщІыху псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм анэшхуэ - адэшхуэм я деж къыжьэм яшауэ щыІэ Султъ1ан цІыкІу, махуэ гуэрым тыкуэным ягъэкІуауэ, абы щыхуозэ, «ахъшэ сфІэбдыгъуаш», - жиІэу тыкуэнтетым ирикуэхь щІалэ цІыкІум. Ар абы къыщхьэщэж икІи абдеж щызэрощІыху дыгъуэныр зи хьэл Залымрэ (арат щІалэ цІыкІум зэреджэр) Сулъ1анрэ. Абы и фІыгъэкІэ, Залым мурад ещІ дыгъуэм хьэлыр зыхинэну, гъуэгу тэмэм теувэжыну. ЩІалэ цІыкІуитІыр ныбжьэгъуфІ зэхуохъу. Аращ зытеухуар КІэбишэ Лилэ итха «И чэзум къэбгъуэта ныбжьэгъу» рассказэр.

КъыкІэпыкІуэ напэкІыцІуэщым итщ сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіхэр.

ПщІащхъуэр зищІысым, абы и псэукІэм фыщигъэгъуэзэнщ «ПщІащхъуэ кІэ дыкъуакъуэ» тхыгъэм. Мы напэкІуэцІ дыдэм традзащ АфІэунэ Лиуан итха «ПщІащхъуэ» усэмрэ Бещтокъуэ Хьэбас ермэлыбэзэм кьриха «ПщІащхъуэ» уэрэд цІыкІумрэ.

«Дэ къыгъатх» Іыхьэм традзащ илъэс 12 зи ныбжь Къуэдзокъуэ Фаридэ зэхилъхьа «Анэ» усэ цІыкІур.

«Жаншэрхъ» Іыхьэм ЖылаСэ Заур щытопсэлъыхь Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм и ныбжьыщІэхэм стІольщхьэ теннисымкІэ Ставрополь щрагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм ди республикэм икІа ныбжьыщІэхэр зэрыщыджэгуам икІи щыдегъэщІыху хъыджэбз цІыкІухэм я зэпеуэм пашэ щыхъуа Джэрыджэ Іэминэ, щІалэ цІыкІухэм ятекІуа Къардэн Тимур сымэ. ТІурытІу джэгуаэмэ ятекІуащ Іуэбгъэшы Даянэ щыгъуэ, Къардэнымрэ Къуэн Ислъамрэ. Зэхьэзэхуэм абсолютнэ чемпионкэ щыхъуащ Джэрыджэ Іэминэ.

Адэкіэ ит псалъэзэблэдзыр пасэрей къуажэхьэхэм ятеухуащ.

Еханэ номерыр Текіуэныгъэм и махуэм теухуа («ГуфІэгъуэу нэпс» тхыгъэ кІэщІымкІэ къыззІуех.

Адэкіэ Къуэдзокъуэ ФатІимэ «Шэрджас анэр ягъэпэлапІэ» тхыгъэм щытопсэлъыхь Къэрэшей-Шэрджэсым хьхьэ Беслъэней къуажэм щыпсэуэхэм 1942 гъэм Ленинград къраша сабий 32-рэ зэрашэлІэжу ажалым кърагъэлауэ зэрыщытам.

КІэлъыкІуэу итщ «Шы къарэ лъакъуищ» таурыхъым и кІэуху.

Сыт щыгъуи хуэдэу, «ЩІэблэ» Іыхьэм дегъэщІыху фІыуэ еджэ, зи анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ, Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэх адыгэ ныбжьыщІэ щыкІуэр.

Хьэту Петр сабийхэм яхуитхащ «Джэдуубзэ» «Ландышэ» усэхэр.

«Инэмыкъуэ» Іыхьэм традзащ Нало Заур итхьжауэ щыта «Зыри зимыІэм выжьитІ иІэт» хъыбарыр, Сэралъп Заремэ и «Мурат пцІы упсын зэрыщыгъэтар» рассказыр.

«Пушкин Александр, Нэгумэ Шорэ» тхыгъэм Къуэдзокъуэ ФатІимэ кьыщытхуеІуатэ усакІуэшхэр Псыхуабз зэрыщыхьэщІар, адыгэ щІэныгъэлІ Нэгумэ Шорэ зэрыщыхуэзар. Тхыгъэм дыщІагъуащ Пушкиныжмрэ Нэгумэмрэ зэрызэхуэзам теухуауэ сурэтыщІ Белицкий Иван 1952 гъэм ищІауэ щыта сурэтыр.

«Дэ кІэхъуатх» Іыхьэм филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зерэ Адыгэбзэм и махуэшхуэм топсэлъыхь икІи ар Истамбыл зэрыщекІуэкІам траха сурэтхэмкІэ цІыкІухэм ядогуашэ.

«Сурэтыщі ныбжьыщІэхэр» Іыхьэм традзащ егъакІуэ цІыкІухэм ящІа сурэт зыбжанэ.

ЕсэнтІыгу кьалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм тхэквандомкІэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Бэлахъуэ Елдар и гъэсэн цІыкІухэр. Ныбжьыщіхэм я екъулІэнэгъэхэм ЖбыласэЗаур и тхыгъэм щытопсэлъыхь. Ар традзащ «Жаншэрхъ» Іыхьэм.

Дыкъуэ Бэч игъэхьэзырауэ тет псалъэзэблэдзыр зытеухуар унэ хадэрщ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● УФ-м и кубок

Къуэн зэкъуэшхэм «Ангушт»-р къытпэщІагъэувэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным ипкъ иткІэ, 2015 - 2016 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 15-м щІидзащ.

ФИНАЛЫМ и 1/256-м «Спартак-Налшыкыр» хэтакъым, ауэ абы щызэхэкІащ адэкІэ хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъунур. Налшыкдэсхэм къапэщІэувэнут «Ангушт»-мрэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ я зэІущІэм щытекІуэр.

Нэрэн къалэм щекІуэкІа зэпэщІэтыныгъэм я «псалъэ быдэ щыжаІащ» адыгэ щІалэхэм. «Спартак-Налшыкым» хуэфащэн пщІэ щызымыгъуэту иджыблагъэ «Ангушт»-м хьыха КІыщ Залымрэ Къуэн зэкъуэшхэмрэ ингушхэр 3:1-уэ трагъэкІуащ. Абы щыгъуэми хэгъэрейхэм я топищри дэзыгъэкІар ди лъахэгъуэхэращ - Къуэн Аслъэнбэч тІэунейрэ кьыхэжаныкІащ, абы и кьуэзу Заурбэч ещанэр и фІыгъэщ.

Хьэлэмэтраци, иджы бадзэуэгъуэм и 24-м «Ангушт»-р Налшык къэкІуэнущ. Финалым и 1/128-м ар «Спартак-Налшыкым» щыІущІэнущ. Адыгэ щІалэхэр абыи кьыззрыщыхэжанымкІынум шэч хэлъкъым.

ЗэІущІэ хьэлэмэт Владикавказ щекІуэкІащ. Абы и «Алания»-р 0:1-уэ кьыпикІуэтащ «Динамо-Ставрополь» командэм.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, кьыхагъэщІащ Мейкьуапэ и «Дружба»-ри. «Биолог-Новокубанск»-р 2:1-уэ абы ефІэкІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ЩІэблэ

Еджапіэм хуагъэхьэзыр

Щэджэм щыналъэм хьыхь Нартан къуажэм дэт школ №2-м хэт «Росинка» сабий садым гъэ къэси гупыщІэ зэхуешэс. Ар и фІыгъэщ цІыкІуэр къыззрыдахьэхьн, щІэщыгъуэ я лэжьыгъэм хэлъыным гулъытэ хуэзыщІ, еджапІэм и унафэщІ Думэныщ Сусанэ.

МЫ ГЪЭМ сабий 43-рэ школым игъэкІуащ а гъэсапІэм. Абыхэм Іэмал яІэщ цІыкІу 82-рэ кьащтэжьну. Садым гъэсакІуэ 14 щолажьэри, 12-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ, 8-м Іэщіагъэмкіэ япэ категорие къыхуагъэфэщащ. Гъэсакіуэхэр адэ-анэхэм я гум дохьэ, щытхъушхуи яІэщ. Абыхэм яцыщщ Борий Мадинэ, Кьалакіуэ Жанпагуэ, Хьэмыкъуэ Майе, Нэгъуей Эльвирэ, ПащІэ Инетэ, ПащІэ Іэсият сымэ. Ахэр гуапэу сабийхэм ядолажьэ, джэгукІэхэмкІэ зрагъэужь, мащІэмащІэу еджапІэм хуагъэхьэзыр.

Гъэсапіэр еджапІэм зэрыхэтым мыхьэнэшхуэ иІэщ. Сабийхэм кьацІыху езыгъэджэнухэр, икІи гушхуауэ ахэр япэ классым кІуэнымкІэ ар сэбэпышхуэщ.

Си гугъэкъым сабий садым екІуэлІамрэ абы ямыгъэкІуамрэ зэхуэдэну. Унэм щІэсар еджэнымкІи кьакІэрыхунущ, школым кІуэми и классэгъуэм куэдрэ есэнгъкъым.

Нартан къуажэм дэс сабийхэр «Росинка», «Псынэ» сабий садхэм ирагъэблагъэ. ТІуми я фІэщыгъэр псым - гъащІэм теухуащ. Дэтхэнэ сабийми хьэл-щэн хуэхъунымрэ щІэныгъэм дегъэхьэха зэрыхъунымрэ гъэсапІэм къыззрыщежьэм шэч хэлъкъым.

БАХЪУЭ Алим,

КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм и 3-нэ курсым щеджэ.

Унафэщіхэм я щхьэр къагъэпцІэж

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м щыІэ МВД-м экономикэ шынагъуэнщагъэмрэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ и кьудамэр щыгъуу, Бахъсэн районым и прокуратурэм кьипщытащ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущіапіэхэм ЖКХ-м теухуа законодательствэр зэрагъэзащІэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, 2014 гъэм и япэ мазихым хуабэрэ псы пщтыркІэ я школхэр къызэригъэпэща хуэдэу хуатхри, кьуажэ еджапІитІым я унафэщІхэм Іэхутхъбзэ лъэпкъ зэрІэзымыгъэкІа, апхуэдэ Іэмали зэмыІэ коммерцэ организацэм ахъшэ хухахащ. 2013 - 2014 гъэхэм я гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм хуабэкІэ, псы пщтыркІэ кьызэрызэрагъэпэщынум, технологие лэжьыгъэхэр зэрызэфІахьнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэр «Тепловик» ООО-м абыхэм иращІылІат. Хабзэм кьемызэгъэуу я кьулыкъур кьагъэсэбэпщ, Іуэхутхъбзэ лъэпкъ зезымыхуа коммерцэ организацэм и унафэщІхэм Іэхутхъбзэ лъэпкъ зэрІэ я ялэ мазихым зэфІигъэкІа лэжьыгъэм пэкІуэ хуэдэу, зы школым еІуэ сом 650 000-рэ, адрейм и мылъкуу сом 550 000-рэ Іуэхущіапіэм и расчёт счётым халъхьащ. Коммерцэ организацэм и Іэтащхьэм а ахъшэхэр и щхьэ Іуэхукіэ кьигъэсэбэпащ.

Школ унафэщІхэм зэрахьа хабзэншагъэм кьыхэкІыу, Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и бюджетым сом мелуан 1,2-рэ эхщІыныгъэ игъэтащ.

Уголовнэ Іуэху кьрагъэІэтын папщІэ, район прокуратурэм игъэхьэзыра тхыльхэр УФ-м Следственкіэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм следственкІэ и Бахъсэн щІыналъэ зэхуаку кьудамэм иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

КъБР-м Печатымрэ щІыхьэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, КъБР-м и Тхэкіуэхэм я союзым, «КъБР-м и щІыхьэ зэхыбаргъэщІэн къыззІуихыныгъэ» и лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хьыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» жэуап зэхэтщІыхьахэмкІэ зыхь зэгухьэныгъэм я лэжьакІуэхэр «Адыгэ псалъэм» и сурэттех **Мамий Руслан Хьэзрэ1ил и къуэм** хуогузавэ абы къуэш **Мамий Борис Хьэзрэ1ил и къуэр** дунейм зэрехьажам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдзыгъэкІэжьэ редакцэмрэ я щхьщІэпІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущіапіэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ящу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм №Н-0065-м щІэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Уэрдокъуэ Жена, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.) КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэпбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1232